



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Desizyon jodi a konfime ke administrasyon Trump la dwe debloke asistans nitrisyonèl ijans pou 3 milyon Nouyòkè ki pral pèdi benefis SNAP yo demen.

"Okenn eta pa ta dwe oblije pouswiv gouvènman federal la an jistis pou asire fanmi yo ka mete manje sou tab yo. Men, lè Repibliken Washington yo te refize aji, Nouyòk te mennen yo devan tribinal pou diminye kriz sa a.

"Administrasyon mwen an rete prepare pou afwonte sa ki pi mal la — akselere plis pase 100 milyon dola pou bank alimantè yo ak gadmanje epi deklare eta dijans. Avèk desizyon sa yo, li klè administrasyon Trump la ka finanse pwogram SNAP la nèt. N ap mande administrasyon an pou l debloke fon sa yo imedyatman epi pou l sipòte efò n ap fè pou nou bay Nouyòkè yo manje pandan fèmti a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)